Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ENVESTISMAN GE AEROSPACE KI EVALYE A 225 MILYON DOLA NAN KONTE SCHENECTADY

Lidè teknoloji mondyal la ap kreye 75 nouvo djòb nan Niskayuna

Pwojè a pral modènize enstalasyon yo, ekipman yo ak enfrastrikti a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke GE Aerospace, yon lidè mondyal nan motè avyon, sèvis ak sistèm, ap envesti plis pase 225 milyon dola pou amelyore operasyon nan Sant Rechèch li a nan Niskayuna, nan konte Schenectady. Kòm yon pati nan ekspansyon sa a, konpayi an angaje l pou kreye omwen 75 nouvo djòb byen peye nan rechèch, enjenyeri ak metye kalifye pandan l ap akselere efò sou avansman teknoloji motè avyon pou kliyan komèsyal ak defans yo. Empire State Development ap sipòte envestisman ak angajman konpayi an pran pou kreye djòb ak jiska 8.42 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans lan.

"Eta Nouyòk gen yon eritaj inovasyon solid, bati sou zepòl gwo lide ak gwo envestisman pa konpayi ki renome yo atravè lemond tankou GE Aerospace", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou vle asire ke pwochen jenerasyon dekouvèt teknolojik yo rive isit la, epi anons jodi a demontre ke eritaj nou an ap vin pi solid sèlman. Ansanm ak GE Aerospace, n ap pote travay ak devlopman demen yo nan Rejyon Kapital la jodi a."

Sant Rechèch Aerospace GE a nan Niskayuna sèvi kòm yon sant prensipal pou rechèch syantifik ak devlopman teknoloji avanse, li anplwaye plis pase 800 moun. Pwojè sa a pral adrese defi ki egziste deja an tèm kapasite ak enfrastrikti k ap vyeyi a grasa modènizasyon enstalasyon yo. Envestisman enpòtan nan machin, ekipman, mèb, ak enstalasyon pral ranfòse wòl sit la alontèm nan inovasyon ayewospasyal mondyal la epi ede konpayi an rete konpetitif globalman. Otorite Devlopman Metroplex Konte Schenectady a ap sipòte pwojè kapital la atravè yon egzanpsyon taks sou lavant sou materyèl konstriksyon yo.

Joe Vinciquerra, Direktè Egzekitif Prensipal ak Manadjè Jeneral GE Aerospace Research, te deklare, "Lavni vòl la devlope atravè yon rechèch syantifik ak teknik ki solid pandan plizyè deseni. Nou pare pou transfòme envestisman sa a an pwogrè ki pral defini pwochen epòk aviyasyon an. Nou pwofondman rekonesan anvè patnè eta ak

rejyonal nou yo pou sipò yo ak angajman kontinyèl yo anvè wòl Nouyòk nan pouswit nasyon nou an pou avansman ayewospasyal la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, Eta Nouyòk kontinye envesti nan pwojè ak konpayi k ap fè ekonomi inovasyon an grandi. Desizyon GE Aerospace pou elaji prezans li nan Rejyon Kapital la demontre enpòtans ak siksè estrateji sa a, k ap kreye nouvo djòb epi jenere dividann pou etabli Nouyòk pi byen kòm yon sant mondyal pou teknoloji pwochen jenerasyon an."

Anplis de sa, Fondasyon GE Aerospace kontinye elaji pwogram "Next Engineers" li a nan Rejyon Kapital la pou rive jwenn anviwon 4,000 elèv atravè distri lekòl lokal yo, pou fè pwomosyon preparasyon pou STEM ak devlopman mendèv la. Sa demontre enpak sosyal lokalize a ak devlopman talan ki annakò ak angajman konpayi an nan zòn nan.

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "GE te lontan yon anplwayè fondamantal nan distri mwen an epi yon pati enpòtan nan ekonomi rejyon nou an. Mwen toujou sipòte règleman ki ranfòse kapasite GE pou reyisi ak grandi nan Nouyòk. Mwen rekonesan pou envestisman enpòtan sa a nan Sant Rechèch Niskayuna a, ki pral kreye 75 djòb ki byen peye epi ede asire ke rechèch ak inovasyon inovan kontinye fèt isit la nan Rejyon Kapital la."

Prezidan Lejislati Konte Schenectady a, Gary Hughes, te deklare, "Sa a se yon gwo envestisman pa GE Aerospace nan Future of Flight nan sant rechèch mondyal konpayi an nan Niskayuna. Sa pral ranfòse travay rechèch ak devlopman (R&D) avanse sou motè avyon k ap fèt nan Niskayuna, yon travay ki enpòtan anpil pou avni avyasyon militè ak avyasyon komèsyal. Ekip devlopman ekonomik konte nou an te travay avèk Empire State Development (ESD) pandan plis pase yon ane pou garanti angajman enpòtan sa a. Nan non Konte Schenectady, mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak ESD paske yo fè envestisman 225 milyon dola sa a nan Niskayuna tounen yon reyalite."

Prezidan Otorite Devlopman Metroplex Konte Schenectady a, Ray Gillen, te deklare, "GE Aerospace se yon lidè mondyal nan avyasyon komèsyal ak militè e envestisman sa a kenbe Niskayuna nan tèt tout sa konpayi an ap fè pou ranfòse defans nasyonal nou an epi fè vwayaj ayeryen komèsyal la pi efikas e dirab. Sa a se yon viktwa fòmidab pou kanpis Niskayuna a epi li se rezilta dirèk yon efò devwe pandan ane ki sot pase a pa Gouvènè Hochul, Empire State Development, National Grid ak ekip devlopman ekonomik Konte nou an pou ede devlope operasyon rechèch GE Aerospace nan Konte Schenectady."

Sipèvizè Vil Niskayuna Erin Cassady-Dorion, te deklare, "GE te fè pati istwa Niskayuna pandan plizyè jenerasyon, e envestisman sa a asire istwa sa a kontinye. Plis pase 800 moun deja vini nan Sant Rechèch Ayewospasyal GE a chak jou pou pouse limit syans lan, epi ajoute 75 nouvo djòb nan rechèch, jeni ak metye kalifye ranfòse ekonomi lokal nou an ak kominote nou an. Atravè pwogram Next Engineers la, GE

Aerospace ap ouvri pòt tou pou plizyè milye jèn enjenyè nan lekòl nou yo. Nan non Vil Niskayuna, mwen remèsye GE Aerospace paske li te chwazi grandi isit la, epi Gouvènè Hochul ansanm ak patnè nou yo nan eta ak konte a paske yo te ede nou fè sa rive."

GE Aerospace asosye avèk yon pakèt konpayi avyon komèsyal, fabrikan avyon, ak ajans gouvènman ameriken sou rechèch, jeni, fabrikasyon, reparasyon, ak antretyen motè ak lòt teknoloji ayewospasyal. Konpayi an kenbe operasyon ni nan peyi a ni nan lòt peyi, avèk prèske 250 lokalizasyon nan 40 peyi, ki gen ladan enstalasyon fabrikasyon, sant revizyon ak konpozan, ak sant jeni.

Rejyon Kapital la kontinye sèvi kòm yon sant rechèch ak devlopman atravè endistri estratejik yo, gras a kolèj ak inivèsite premye klas, yon mendèv ki trè kalifye ak opòtinite kolaborasyon. Pami dènye avansman yo, NY Creates ap konstwi premye Sant Litografi EUV ak NA Avanse ki aksesib nan Amerik di Nò pou rechèch sou semi-kondiktè, finanse pa 1 milya dola nan men Eta Nouyòk ak 9 milya dola nan angajman endistri yo. Regeneron, youn nan pi gwo konpayi famasetik nan mond lan, opere laboratwa nan twa konte nan Rejyon Kapital la, pandan ke konpayi byoteknoloji franse OneBiosciences te etabli premye operasyon li yo bab Etazini nan Albany nan debi ane sa a. Anplis de sa, Rensselaer Polytechnic Institute nan Troy se lakay premye òdinatè kantik IBM nan mond lan sou yon kanpis inivèsite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.